

## Зи мурадхэм ерыщу хуэкIуэ

2-нэ нап.



## Махуэку

3-нэ нап.



## «Адыгэ цIыкIухэм» я дерс щIэщыгъуэхэр

4-нэ нап.



## ЗэрыщIадзэжу хэщIыныгъэ ягъуэт

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№25 (24.307) • 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 10, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

# ХэкIуэдахэр ягу къагъэкIыж

**Балъкъэрхэр я лъахэм зэрырагъэIэпхъукIрэ илъэс 78-рэ зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр республикэм и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щекIуэкIащ. Гъатхэпэм и 8-м Налшык дэт фэеплъ сыным деж щызэхуэсащ балъкъэр лъэпкъым щыщхэр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щIыналъэ администрацэхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.**

ПЭКIУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Зэманыр псы ежэхым хуэдэщ, къэувыIэ имыIэу йожэх гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри здрихьэхыу. ХамэщI къыщыхута балъкъэрхэм я щIэблэр нобэ я хэку исыжщ. Абыхэм къащIэхъуащ бынхэр, бынхэм я быныжхэр. ИтIани гуауэм и узыр иджыри яхэвыкIыжакъым, цIыхубэм псори ещIэж, егъэв. Ауэ, дауэ хъуми, лъэпкъыр къелащ, мэпсэу, къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъыу. Фэеплъ махуэр гъуэгуанэ дахэм и щIэдзапIэу къахущIэкIыну, къэралыгъуэшхуэм и зыужьыныгъэм и зы Iыхьэу щытыну сохъуэхъу балъкъэрхэм, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин.

КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий** къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ. «Илъэс къэс мы щIыпIэм дыкъыщызэхуос ди къуэш лъэпкъым и щхьэ кърикIуа гузэвэгъуэр дигу къэдгъэкIыжыну, а залымыгъэм хэкIуэдахэм дахуэщыгъуэну. Лъэпкъым кърахалейм ихьахэм гущIэгъу Тхьэм къахуищI! Зы лъэпкъи Алыхьым иримыгъэлъагъукIэ апхуэдэ нэщхъеягъуэ», - жиIащ дин лэжьакIуэм.

Къызэхуэсахэр зи хэку ирагъэIэпхъукIыу хэкIуэдахэм яхуэщыгъуа нэужь, фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ.

А махуэм тхыдэ-художественнэ теплъэгъуэхэр, Iуэхум теухуа фильмхэр ягъэлъэгъуащ. Апхуэдэ Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщащ къалэхэм, районхэм щыIэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**





# Иджырей мардэхэм тету

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи пашэ къулыкъущIэхэм зрагъэлъэгъуащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ «Кавказ» Р-217 автомобиль зекIуапIэм щыщу ди республикэм и щIыпIэ зыбжанэм щызэрагъэзэхуэжхэр.**

ГУПЫМ хэтхэм япэщIыкIэ зыщагъэгъуэзащ Малкэ къуажэм къыщыщIэдзауэ Къубэ-Тэбэ нэс дэлъ километри 7,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур зэрызэрагъэпэщыж щIыкIэм.

Федеральнэ автомобиль зекIуапIэм щыщу, иджырей мардэхэм къитIасэу лэжьыгъэхэр щокIуэкI Аргудан къуажэм къыщыщIэдзауэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием хуэкIуэ гъуэгум щыщу километр 15,4-м, Прогресс къуажэм деж Ставрополь крайм хыхьэу километри 5 зи кIыхьагъ гъуэгуми (Псыхуабэ лъэныкъуэмкIэ гъэзам). Иужьрейм ехьэлIауэ ухуакIуэхэм я пщэрылъщ автомобиль зэблэкIыпIэу абдеж дыдэм зэуэ 4 щыпхашыныр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы гъуэгум ущызекIуэныр нэхъ шынагъуэнши, тынши ищIынущ. Лэжьыгъэхэр яубла къудейщ, и кIэм щынагъэсынур 2023 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэрщ.

Республикэм и Iэтащхьэм апхуэдэуи зригъэлъэгъуащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм деж псым телъ лъэмыжыр зэрызэрагъэзэхуэжри. Абдежым мы зэманым щыIэр пIалъэкIэ къэбгъэсэбэп хъу лъэмыж щхьэхуэщ, Владикавказ лъэныкъуэмкIэ кIуэ автомашинэхэр ямылейуэ щызэтримыхьэн папщIэ.

КъищынэмыщIауэ, гъуэгуухуэхэм щIадзащ Къубэ-Тэбэ къуажэм дэж псым щхьэщыкI лъэмыжым елэжьыни, Владикавказ ущыкIуэкIэ, Анзорей къуажэм унэмысыпэу Лэскэн псым узэрызэпрыж лъэмыжыр нэхъ бгъуэ щIынми яужь ихьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуещI автомобиль гъуэгухэмкIэ «Кавказ» управленэм и къудамэу республикэм щыIэм, жэуаплыныгъэ нэс къагъэлъагъуэу я лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым папщIэ.

«Гъуэгухэм я щытыкIэм куэду елъытащ республикэм адэкIэ и зыужьыкIэр зыхуэдэнури. Ауэ щыхъукIи, нэхъри яужь дитынущ автомобиль зекIуапIэхэр егъэфIэкIуэным», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Ди къуэш республикэхэм

### ДэIэпыкъуну хьэзырщ





КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Донецкрэ Луганскрэ къэрашауэ КъШР-р пIалъэкIэ псэупIэ зыхуэхъуахэм папщIэ Черкесск къалэ къыщызэIуахащ ХабзэмкIэ щIэгъэкъуэн хъу центр. «Абы упщIэкIэ зыхуагъазэ хъунущ ДНР-мрэ ЛНР-мрэ къикIахэм. Ахэр зыгъэпIейтейхэр пщIэншэу къыхуащIэнущ», - жиIащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэ къудамэм и пресс-секретарь Мыд ФатIимэ.***

ЦЕНТРЫР щолажьэ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщI Медведев Дмитрий и жылагъуэ зэIущIапIэм.

КъищынэмыщIауэ, КъШР-м Донецкрэ Луганскрэ къикIахэм зэрыдэIэпыкъу хурагъэшащ. А псори щызэхуахьэс республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ.

### Уасэхэм хэхъуэнукъым



АДЫГЕЙ. ***АР-м и тыкуэнышхуэхэм щащэхэм я уасэр хэхъуэнукъым. Мы махуэхэм къэпщытакIуэхэр супермаркетитIым абыхэм щыкIэлъыплъащ. ДжэдыкIэм, крупам, вермишелым, хадэхэкIхэм, нэгъуэщIхэми щIэупщIащ. IэщIагъэлIхэм жаIащ цIыхухэр Iуэхум зэримыгъэпIейтейр, нэхъ лейуэ зыри къызэрамыщэхур, ерыскъыхэри хьэпшыпхэри пэрыхьэту тыкуэнхэм зэрыщIэлъыр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Адыгейм и тыкуэнхэм кIэртIоф лIэужьыгъуитху щIэлъщ, я уасэхэмкIэ зэщхьэщыкIыу.***

РЕСПУБЛКЭМ щыIэ ФАС-р, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэр, Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэр зэгурыIуащ уасэхэм проценти 5 нэхъыбэ хамыгъэхъуэну. «Ди республикэр абыкIэ гугъуехь хэтынукъым, - жиIащ Гаджян Жаннэ, Мейкъуапэ Хьэрычэт Iуэхумрэ потребительскэ рынокым зегъэужьынымкIэ и къалэ управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэм. - Ящэхэм я нэхъыбэр къыздрашыр Краснодарщ, абы сытри куэду кърашалIэ, гъэтIылъыпIэхэм щIэлъхэр иджыри мазищ-плIыкIэ зэбграшыну ярикъунущ. КъищынэмыщIауэ, Мейкъуапи и ерыскъы хъумапIэхэм псынщIэу кIуэд ерыскъыхэм нэмыщI, мазэкIи мазитIкIи цIыхухэр зрикъун щIэлъщ».

IэщIагъэлIым зэрыжиIамкIэ, хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ зэрыщыIэр, я уасэхэр махуэ къэс къапщытэ. Апхуэдэуи Гаджян Жаннэ къыхигъэщащ тыкуэн нэхъ инхэм я унафэщIхэр цIыхухэр махуэ къэс зыхуей хъухэм я уасэр драмыгъэуеину зэрызэгурыIуар. А Iуэхум къыхыхьащ тыкуэн 30. ЛIэужьыгъуэ 24-м тралъхьэж ахъшэр ягъэмэщIащ, абы хохьэ щIакхъуэр, фошыгъур, хадэхэкIхэр.

### Бэгъэпщ Сергей ягу къагъэкIыж



АБХЪАЗ. ***Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта Бэгъэпщ Сергей псэужамэ илъэс 73-рэ ирикъунут. АР-м и Президент Бжание Аслъэн, вице-президент Гунбэ Бадрэ, Парламентым и спикер Кварчия Валерий, премьер-министр Анкваб Александр, Парламентым и депутатхэм, Правительствэм хэтхэм, нэгъуэщI къулыкъущIэхэм, гъунэгъу республикэм къикIа лIыкIуэхэм дыгъуасэ Бэгъэпщым и сыным удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ.***

АБХЪАЗЫМ и етIуанэ президент Бэгъэпщ Сергей илъэс 63-м иту 2001 гъэм накъыгъэм и 29-м дунейм ехыжащ. Ар щыщIалъхьащ езыр къыщыхъуа, Очамчыр районым хыхьэ Джгярдэ къуажэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# QR-кодхэр Iуахыж

**КIуэкIуэ Казбек Iэ щIидзащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм республикэм и щIыналъэм зэрызыщиубгъум къыхэкIыу нэхъапэкIэ ягъэувауэ щыта хабзэ ткIийхэр къэгъэтIэсхъэным теухуа унафэм.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ жылагъуэ шхапIэхэм зэуэ щIыхьэ хъуну цIыху бжыгъэр зэрагъэмэщIар Iуахыжащ, сабий джэгупIэ пэшхэм, ресторанхэмрэ кафехэмрэ я лэжьыгъэм щIадзэж. Абы щыгъуэми жылагъуэ шхапIэхэр иджыри лэжьэну хуиткъым жэщыр сыхьэти 2-м щегъэжьауэ пщэдджыжьыр сыхьэти 6 хъуху. Япэми хуэдэу, а хабзэм хиубыдэркъым вокзалхэм, аэропортхэм, машинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахъуэ станцхэм, хьэуа къабзэм хэту щIыбым щылажьэ шхапIэхэр, зэпэщIэхауэ сату зыщIхэр, ерыскъы хьэзырхэр къыздыщIэпх хъу IуэхущIапIэхэр.

QR-кодхэр (ковид-сертификатхэр) паубыдыжынукъым шхапIэхэм, театрхэм, музейхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, ЗАГС-м, кинотеатрхэм, фитнес-центрхэм, спортым зыщыхуагъасэ пэшхэм, зыгъэпскIыпIэхэм, хьэщIэщхэм, зыщагъэдахэ унэхэм щыкIуэкIэ.

Узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтынымкIэ къэна хабзэхэм ящыщщ медицинэ нэкIуIупхъуэр къэгъэсэбэпыныр, цIыхухэр гъунэгъуу зэбгъэдэмыхьэныр, цIыху куэд щызэхыхьэ Iуэхугъуэхэр къыщызэрагъэпэщкIэ бжыгъэ къагъэувам нэхъыбэ зэхуэмышэсыныр.

Илъэс 60-м щIигъуэхэу IэнатIэ Iумытхэмрэ узыфэ гъэтIылъа зиIэхэмрэ унэм щIэсын хуейуэ къыхуагъэуvауэ щыта хабзэ ткIийр чэнджэщым хуагъэкIуащ.

ЛэжьакIуэхэм я процент 40-м нэхърэ мынэхъ мащIэр, граждан-правэ зэгурыIуэныгъэкIэ зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэр IэнатIэм пыIудзауэ гъэлэжьэнымкIэ къагъэлъэгъуа чэнджэщхэри Iуахыжащ. Ауэ илъэс 60-м щIигъухэм, узыфэ гъэтIылъа зиIэхэм, цIыхубз уэндэгъухэм унэм щIэсу лэжьэну хуагъэлъагъуэ хъунущ.

ЦIыху щхьэхуэхэм яхуэгъэзауэ медицинэ къэпщытэныгъэ зэмылIэужыгъуэхэр ирагъэкIуэкIын щIадзэж.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр зэраIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»*

**Щоджэн ЖанIэфI Хьэжысон и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм балигъ мыхъуахэм медицинэ кIэлъыплъыныгъэ ядегъэкIуэкIынымкIэ и къудамэм и дохутыр-офтальмологым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»*

**Багъэтыр Нинэ Езид и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм радиом и нэтынхэр зэхэгъэувэнымрэ къэтынымкIэ и редакцэм и редактор нэхъыщхьэм,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»*

**Мизиевэ Ларисэ Магомет и пхъум** - Налшык къалэ округым «Языныкъуэ предметхэр кууэ егъэджынымкIэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №9» курыт щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и къэрал кIэзонэ муниципальнэ IуэхущIапIэм технологиемкIэ и егъэджакIуэм,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и эколог»*

**Цепковэ Нэлли Лука и пхъум** - щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием Тембот А.Къ. и цIэр зезыхьэ Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ щIэныгъэ институт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм геоботаникэ къэхутэныгъэхэмкIэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист»*

**Шутко Наталье Николай и пхъум** - Федеральнэ казначействэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ управленэм и къудамэ №5-м и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм гъатхэпэм и 5-м*
*№22-УГ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (2019-nCoV) щыпэщIэтыным нэгъэсауэ хуэхьэзырыным и хабзэр щыгъэувыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр адэкIи зэфIэгъэкIыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (2019-nCoV) щыпэщIэтыным нэгъэсауэ хуэхьэзырыным и хабзэр щыгъэувыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр адэкIи зэфIэгъэкIыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.2-1 пунктым и «б», «в» подпунктхэм къару ямыIэжу къэлъытэн;

б) пункт 2.2-2, 2.2-3-хэм къару ямыIэжу къэлъытэн;

в) 2.2-5 пунктым дэщIыгъужын мыпхуэдэу иту:

«2.2-5. Лэжьыгъэ IэнатIэ пэрымыт е граждан хабзэ зэгурыIуэныгъэкIэ мылажьэ зи ныбжьыр илъэс 60-м нэсахэмрэ нэхъыжьхэмрэ, къищынэмыщIауэ япыIудзауэ псэуну чэнджэщ ирату къагъэлъэгъуа узхэр (гуэдзэн №2) зиIэхэм чэнджэщ етын япыIудза (щыпсэу (здэщыIэ) щIыпIэм имыкIыу) щIыкIэм тетыну.»;

г) пункт 2.6-м и подпункт «а»-м къару имыIэжу къэлъытэн;

д) пункт 2.8-м и етхуанэ абзацым къару имыIэжу къэлъытэн;

е) пункт 5-м и еянэ абзацым хэгъэкIын «штатымкIэ щылажьэм, граждан зэгурыIуэныгъэкIэ зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэм и процент 40-м мынэхъ мащIэр, къызэщIиубыдэу» псалъэхэр, «зэпыIуадзыну зыхуагъэувхэм (гуэдзэн №2), цыIхубз уэндэгъухэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «ахэр щаIэкIэ япыIудзауэ щытыну чэнджэщ зратхэм (гуэдзэн №2), цIыхубз уэндэгъухэм» псалъэхэмкIэ, «(лэжьакIуэхэм я бжыгъэр щаубзыхукIэ, граждан-хабзэ зэгурыIуэныгъэкIэ зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэр, япыIудзауэ лэжьэну зыхуагъэувхэм, халъытэркъым коронавирус уз зэрыцIалэщIэм пэщIэтын хущхъуэхэр зыхалъхьахэр)» псалъэхэр хэгъэкIын;

ж) пункт 6.2-м и подпункт «а»-м къару имыIэжу къэлъытэн;

з) пункт 6.3-м и подпункт «г»-м къару имыIэжу къэлъытэн;

и) пункт 6.4-м къару имыIэжу къэлъытэн;

к) пункт 7-м дэщыгъужын абзац мыпхуэдэу иту:

«Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №710-м и пункт 5-м ипкъ иткIэ цIыху гуп щхьэхуэхэм медицинэ кIэлъыплъыныгъэхэмрэ диспансеризацэмрэ зэхаублэжын папщIэ лэжьыпхъэхэр убзыхун, санитар-эпидемиологие щытыкIэр, коронавирус уз зэрыцIалэщIэм (COVID-19) зыщиужь лъэхъэнэм зытетын хуей хабзэ актхэмрэ методикэ чэнджэщхэмрэ ягъэзащIэу, апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэхэмрэ диспансеризацэмрэ зэрекIуэкIыну щIыкIэмрэ пIалъэхэмрэ цIыхухэр щагъэгъуазэу.»;

л) пункт 7.2-м къару имыIэжу къэлъытэн;

м) пункт 8-м къару имыIэжу къэлъытэн;

н) гуэдзэн №2-м къыщрибжэкIхэм «режимыр ягъэзэщIэну къэзыгъэувхэр» псалъэхэр щызэхъуэкIын «ахэр щыщыIэм и деж чэнджэщ ират режимыр яIыгъыну» псалъэхэмкIэ.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм гъатхэпэм и 5-м*
*№23-УГ*

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - мэлыжьыхьым (апрелым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 362-рэ кIэпIейкIэ 40-рэщ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 330-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## Брунейм и псэукIэ телъыджэр

**Нобэ нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхуну ди мурад къэралыр дунейм нэхъ зыщызыужьа, экономикэ лъэрызехьэ зиIэу къалъытэ Брунейрщ.**



БОРНЕО хытIыгум зыщызыубгъуа къэралыр 1363 гъэм Бетатар Аванг сулътIаным иухуауэ жаIэ. Хъыбар къекIуэкIымкIэ, иужькIэ Мухьэмэд Щихъ зыфIэзыщыжа Бетатар дунейр зригъэлъагъуу зэхэзекIуэрэ пэт, псыежэх мыцIыху къыхуэзати: «Бару нах!» - жиIэри кIиящ. ЩIыналъэм цIэ хуэхъуари а псалъэрщ. «Мыбдежырщ» - къикIыу хуагъэфащэ. КъухьэпIэ лъэныкъуэм къэралыр къезыгъэцIыхуар абы 1550 гъэм щыIа урым дунеяплъэ Вартемэ Лодовикэщ.

ЗэрыжытIауэ, нобэрей Брунейр дунейм нэхъ бей дыдэу тет къэралхэм хабжэ. ХытIыгур еуфэбгъу сулътIанхэм я зым Австралием къриша баобаб жыгхэм. ЩIыналъэр зэрыцIэрыIуэхэм хохьэ абы иубыд щIыпIэм и процент 70-р цIыхуIэ зэмыIуса, уэшхым къигъэкIа мэзу зэрыщытыр. Езы къэралыр IыхьитI мэхъу, я зэхуакум Малайзиер дэту. Лейуэ гъунапкъэр зэпамыупщIын щхьэкIэ, зы Iыхьэм икIыу адрейм зыунэтIхэр нэхъыбэм брамхэмкIэ зокIуэ.

Брунейм и экономикэр езыгъэфIакIуэр щIыдагъэмрэ газымрэщ. Къэрал унафэр зыщIыр пащтыхьырщ: къулыкъур адэм къыIэщIокIри, къуэм Iэрохьэ.

Къэралым цIыхуу исым я Iыхьэ щанэр щыхьэрым щопсэу. Адрейхэр - щIыдагъэ къыщыщIах къалэхэмрэ къуажэхэмрэ.

Брунейр муслъымэн къэралщ, абы фадэ щащэркъым икIи къыщыщIагъэкIыркъым. Зепхьэу укъалъагъуми, фIы щIэпхынукъым. Фадэ уефэнри кхъуэл пшхынри хабзэкIэ ядэркъым, наркотик зыщэм укIкIэ тезыр тралъхьэ.

Мы къэралым ахъшапщIэ (налог) щыхахыркъым, цIыхубэм пщIэншэу ират зыхэпсэукIыпхъэ куэд. ЩIэныгъэри медицинэри пщIэншэщ, ипотекэм процент тралъхьэркъым. Узыншагъэм текIуадэ Iэзапщlэр къэралым и пщэ зэрыдэлъым и нэщэнэ гъэщIэгъуэнщ, псалъэм папщIэ, Сингапурым операцэ ущащIын хуейуэ къыщIэкIмэ, абы и уасэр Брунейм зэрыритынур. Нэгъуэщl къэралым узэрыщеджэ ахъшэри къэрал жыпым йокI, уеблэмэ щхьэгъусэмрэ бынхэмрэ зэрылъагъун папщIэ зэпач гъуэгуанэм текIуадэри къэралым ирет. Апхуэдиз мылъку дэнэ абы къыздрихыр жыпIэмэ, газымрэ щIыдагъэмрэ уэру зэращэрщ.

Брунейм укъызэригъэуIэбжьхэм ящыщщ абы дэ дызэса автобусхэм хуэдэ дыдэу, псым тет таксикхъуафэхэр зэрыщыкуэдыр. Зэрыщыту псым тет къалэхэри яIэщ. Псалъэм папщIэ, мафIэс къэхъуамэ, абы хуэпIащIэр мафIэсыр зыгъэункIыфI кхъуафэщ, машинэкъым.

Брунейр егъэлеяуэ щIыналъэ Iэуэлъауэншэщ. Гугъу узыдехьынкIи хъунур благъуэхэмрэ (крокодил) аргъуейхэмрэщ. Езыхэр зэрышэчыгъуейм нэмыщI, абыхэм узхэри кърахьэкI. Блэхэри щымащIэкъым.

Сыт хужаIэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъу Брунейм и сулътIан Болкиах Хьэсэнэл?

2010 гъэм абы и мылъкур доллар мелард 20-м нэсу хъыбар ягъэIуащ. 1984 гъэм иухуа сэрейм текIуэдащ доллар мелуан 400. Абы и инагъыр метр зэбгъузэнатIэ 200000-м нос. Зэреджэр «Нурул Iиман» жиIэущ. Сэрейм хэтщ пэш 1788-рэ, хьэмэм 257-рэ, цIыху 5000-м папщIэ хьэщIэщ, нэмэзыщI 1500-м ятещIыхьа мэжджыт, машини 110-рэ зыщIэхуэ гуэщ. Абы нэмыщI, сулътIаным иджыри сэреищ иIэщ. ЗэрысулътIаным нэмыщI, абы ехь премьер-министрми, мылъку Iуэхухэмрэ шынагъуэншагъэмкIэ министрхэми я къулыкъухэр.

ЗэрыжаIэмкIэ, Брунейм и сулътIаным машинэ псынщIэхэр зэхуехьэс. ДыщыуэнкIи мэхъу, ауэ 2020 гъэм абы иIэт машинэ 3000 - 7000 хуэдиз.

НэщIикIыжым ирихьэлIэу сулътIаным тхьэмыщкIэхэм тыгъэ яхуещI, абы токIуадэ доллар мелуан 20-м нэс. Илъэс блэкIам нэщIикIыж тыгъэ зыхуащIахэм хиубыдащ къэралым цIыхуу исым и процентитхур: нэрыбгэ 21454-рэ. Тыгъэхэр зэбгрызытыкI гуп 85-м хэтхэм я къалэнщ щхьэж къылъысыр псынщIэу Iэригъэхьэну.

СулътIан куэдым ещхьу, Болкиахи мылъку ипхъынкIэ ирегъэлей. Тетыгъуэр илъэс 50 щрикъум, абы Джейсон Майкл зэрыригъэблэгъа къудейм тригъэкIуэдауэ щытащ доллар мелуан 17. Зэрыщыту дыщэрэ мывэ лъапIэкIэ къищIыкIа и кхъухьлъатэм уардэунэ къыхищIыкIауэ жыпIэ хъунущ. И Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ яхуищI тыгъэхэм псори зэхэту тригъэкIуэдауэ къалъытэ доллар мелард 17-м нэс. Псалъэм папщIэ, и пхъум къыщалъхуа махуэм доллар мелуани 100 зи уасэ кхъухьлъатэ иритащ.

ЩIыуэпс дахэ зиIэ Брунейм турист куэд къришэлIэфынут, ауэ жэщ нэгузегъэужьыпIэрэ фадэрэ зэрыщымыIэм дунеяплъэхэр Iуегъэщт.

## Узбекистаным щагъэув фильмхэр

**Иужьрей зэманым цIыху куэд дехьэх Узбекистаным щытраха фильмхэм. УрысыбзэкIэ зэрагъэувым, езыхэри СССР-м къыпхыкIа мусльымэн лъэпкъыу зэрыщытым къыхэкIыу Кавказым щыщхэм ахэр къухьэпIэм щытрахахэм япэ щрагъэщ къохъу.**

«НЫСЭ телъыджэ», «ПIалъэкIэ псэлъыхъу», «Мазэм щыпсэу адэ», «Гуращэм и Iэплiэ» - куэд мэхъу цIыхухэм ягу къинэжа узбек фильмхэр. Лъагъуныгъэм, нысашэм, мылъкум, напэм, лъэпкъ хабзэм, диным къыхэзэрыхь мыхъумыщIагъэхэм - нобэ ди хъуреягъкIэ щытлъагъу къэхъукъащIэхэр хагъэхъуэу хэтщ узбекхэм ди нэгу зэрырагъэужь теплъэгъуэхэм. Артистхэр зэрылъагъугъуафIэм, ущытрагъэукIэ гугъу узэрыхъэ, гупсысэ хьэлъэ къызэрыралъхьэ, зэрышыхэм узбек фильмхэр нэгузыужь щIэщыгъуэ ящI, дэри апхуэдэ гуэр диIэрэт жыугъэсэу.

Узбекистаным кино щытрахын зэрыщIадзэрэ куэд щIащ. 1897 гъэм Ташкент щагъэуваауэ щытащ япэ фильмыр. 1920 гъэхэм Бухъэра къалэм япэрей теплъэгъуэ нэгузыужьхэр щагъэхьэзырын щIадзащ. 1925 гъэм дунейм къытехьа «ЛIэныгъэм и азэн джапIэ» фильмыр нобэрей псалъалъэкIэ «боевик» зыфIащыкъ хуэдэт. «Вестерн» фильмхэм шу хъыжьэхэмрэ индеецхэмрэ дагъэлъагъумэ, Узбекистаным щагъэувхэм «истерн»-кIэ уеджэну яхуэфащэт, хъыджэбз дахэхэр, сэрей гъэщIэрэщIахэр, пщащэ ягъэкIуасэхэр куэду зэрыхэтым къыхэкIыу.

А илъэс дыдэм ежьа кинотех гъуазджэм Ташкент зыщиужьын щIидзэри, «Ишанкули» мыдрисэр щылажьэ унэм Азие Курыт псом цIэрыIуэ щыхъуа «Шарк Юлдузи» киностудиер къыщызэIуахауэ щытащ. 1936 гъэм абы къэралым хабзэкIэ къыфIищащ «Узбекфильм» цIэр.

А лъэхъэнэм пхагъэкIыну зыхуей гупсысэкIэм ипкъ иткIэ, ягъэув теплъэгъуэ псоми къудамитIу загуэшырт: зыр - пасэрей хабзэхэм ебэнырт, адрейр - «къуэкIыпIэ гъэщIэгъуэн» мыхьэнэм хуагъакIуэрт.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм цIэрыIуа хъуа режиссёрхэм ящыщщ Аббасов Шухрат. «Ташкент щIакхъуэм и къалэщ» (1968), «Уэ узеиншэкъым» (1970) фильмхэмкIэ цIэрыIуэ хъуащ а зэманым узбек кинематографыр. Ауэрэ абыхэм къалъэщIыхьащ «Али Бабарэ хъунщIакIуэ 40-мрэ», «Лъагъуныгъэм и хьищэ», «Лъагъуныгъэмрэ гужьгъэжьымрэ», «МафIэ къызыпылъ бэрэбанхэр», къинэмыщIхэр.

Нобэ зыми хужьIэнукъым узбек киногъуазджэр хуэмыху лажьэу. Абы щыцIэрыIуэщ режиссёрхэу Разыков Юсуп, Туйчиев Ёлкин, Шахобиддинов Iэюб сымэ. Иужьрей илъэситхур къапщтэмэ, къэралым и мылъкукIэ фильм 60, уней хъэрычэтыщIэхэм я ахъшэкIэ - 200-м нэс трахащ.

Киногъуазджэм и лэжьакIуэ Абикеевэ Гульнарэ зэреплъымкIэ, узбек IэщIагъэлIхэр Индием доплъей. «Бжыгъэр фIагъым токIуэ» хабзэм темыту пхужыIэнукъым. 2008 гъэм Узбекистаным къыщащтащ «Лъэпкъ сериалхэр» программэр, абы елэжь киностудиер Ташкент дэтщ.

Я бээмрэ я хабзэмрэ зэрахъумэжын Iэмалу кинор къызэрагъэутэмкIэ узрагъэхъуапсэми, узбекхэм ягъэува фильмхэми мымащIэу яхэтщ дагъуэ зыхуащIхэр, «кIэи пэи зимыIэхэр». Сыту пIэрэ абы и щхьэусыгъуэр? ИщхьэкIэ зи цIэ къитIуа Шахобиддинов Iэюб зэрыхуигъэфащэмкIэ, нобэкIэ Узбекистаным ахъшэшхуэ зэтыхуэдэ фильм щытрахыркъым. Уеблэмэ языныкъуэ режиссёрхэм доллар мини 10 нэхъэ нэхъыбэ зытемыхуэдэ теплъэгъуэ къызэрыкIуэ дыдэхэр ягъэув. Ар зэреплъымкIэ, абы и щхьэусыгъуэр апхуэдэ фильмхэм текIуэдар къыщIэкIыжыныкIи зэрыхъунущ. ЦIэрыIуэ зыщI фильмым артистым фейдэшхуэ къыхуихьыркъым, сыту жыпIэмэ, режиссёрхэм абыхэм ахъшэшхуэ иратыфыркъым. Езы артистхэми нэхъыбэ къалэжьын папщIэ, зэуэ фильм зыбжанэм хохьэри, мыхьэнэ зимыIэ теплъэгъуэ зэщхь гуп ягъэув. Езы кино утыкури зэчиишхуэ зыбгъэдэмылъ артистхэм якудащ. Режиссёрыфlхэр я фильмхэм илъэситI-щыкIэ елэжь хабзэщ. Ахъшэ зэрамыIэм къыхэкIыу, мыбыхэм лэжьыгъэр мазищым ягъэхьэзырри йокъэж. Аращ Iэзагъ зыбгъэдэмылъ артистхэр ягъэджэгун хуей щIэхъур.

Лэжьэгъэ зыщIэхэм дагъуэ къызыхуагъуэтыжыф щхьэкIэ, дэ а гъугум иджыри дытехьакъым. Ди республикэм киностудие нобэ-пщэдей къыщызэIуах жаIэурэ, зы лIэщIыгъуэр иухри, адрейм щIидзащ.




## Ди газетым и ныбжьэгъуфI

**ЦIыхум хэлъыфынкIэ хъуну хьэл-щэн дахэ куэдым: цIыхугъэ лъагэм, зэхэщIыкI куум, пэжыгъэ нэсым, псэ къабзагъэм – и цIэр ирапх ди тхыгъэ кIэщIыр зытеухуа нэхъыжьыфIым. Ар Ислъэмей къуажэм щыпсэу, зи Iуэхущlафэ дахэхэмкIэ, и гъащIэ купщIафIэмкIэ жылагъуэм цIэрыIуэ щыхъуа Щомахуэ Мухьэмэдщ.**

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къызбрун ЕтIуанэ (иджы Ислъэмей) къуажэм 1939 гъэм къыщалъхуащ Мухьэмэд. Мэкъумэшыщlэ бынунагъуэшхуэм къыщыхъуа щIалэр гуащIэдэкI лэжьыгъэм щIапIыкIащ, абы зыпыIуимыдзу, адэ-анэм зэрызащIигъакъуэм гупсэхугъуэ кърииту къэтэджащ. Езым зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэращ цIыхум и хьэл-щэнхэм ящыщ куэд зэтезыгъэувэр, и зэманыр илъытэрэ и гурылъ псоми зэрыхунэсын ерыщагъи къыхэзылъхьэр.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ 1958 гъэм къиуха нэужь, Мухьэмэд Бахъсэн къалэм дэт «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм щылэжьащ, иужькIэ дзэм ираджэри, илъэсищкIэ къэралым къулыкъу хуищIащ. А къалэныр фIыщIэ пылъу зэфIиха нэужь, Щомахуэр хунэсащ и гу лъащIэм щихъумэ хъуэпсапIэр, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыныр, нахуапIэ щIыным. 1964 гъэм ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и химие факультетым икIи ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. IэщIагъэлI щIалэм лэжьэн щыщIидзащ проводник нықъуэхэм къыхащIыкI Iэмэпсымэхэр щащI заводым (НЗПП), иужькIэ химик нэхъыщхьэу ирагъэблэгъауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и токсикологие лабораторэм. Абы лэжьыгъэр щызэтригъэувэри, аргуэру заводым къигъэзэжауэ щытащ.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я пэщIэдзэм Мухьэмэд лэжьащ Москва дэт, спорт щыгъынхэр щад, къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI фабрикэм и унафэщIым и япэ къуэдзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым иужькIэ къыщызэIуахa абы и къудамэм и пашэу. ИужькIэ ар илъэс куэдкIэ щыIащ «Кристалл» щIалэгъуалэ спорт комплексым, абы и тхьэмадэм и къуэдзэ къалэныр игъэзащIэу.

Пщэрылъ къыхуащI сыт хуэдэ Iуэхури, щытхъу пылъу дапщэщи зэфIигъэкIащ IэщIагъэлI Iэзэм. Лэжьыгъэм щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм мызэ-мытIэу къапэкIуащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Мухьэмэд и сурэтышхуэ фIэлъащ Крупскэм и цIэр зэрихьэу Налшык дэта библиотекэм (иджы Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэ), ди республикэм и къэхутакIуэ нэхъыфIхэм яхэту. Абы къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэри.

Зи лэжьыгъэ IэнатIэм хьэлэлу пэрыта, и щIэныгъи, и зэфIэкIи къэралым и ехъулIэныгъэм хуэзыгъэпса Щомахуэ Мухьэмэд мы зэманым пенсэм кIуами, зэи Iуэхуншэ хъуркъым. Ар жыджэру хэтщ республикэм, къалащхьэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм, ядолажьэ пенсионерхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

«Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъуфIыр усэ тхыным дехьэхри, ди щIэджыкIакIуэхэм ядогуашэ и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэмкIэ. Нобэрей къыдэкIыгъуэм тыдодзэ Щомахуэм ЦIыхубзхэм я махуэшхуэм хуэщIа и хъуэхъур. Нэхъыжьыфlым дэри дохъуэхъу и гъащIэм хэт бзылъхугъэхэр хуэузыншэну, и унагъуэм, абы къихъуэ щIэблэм я насып куэд илъагъуну.

**ТАМБИЙ Линэ.**

ЩОМАХУЭ Мухьэмэд

### Гъатхэ хъуэхъу

**Ди цIыхубзхэм я дахагъыр,**
**Я Iущагъыр пхуэIуэтэнкъым,**
**Ар ди шыпхъухэщ, ди анэ дыщэщ,**
**Ди щхьэгъусэщ, лъэпкъ гъэкIуатэщ!**
**Бынунагъуэр зыгъэгушхуэр,**
**Анэ Iущырщ, зи бзэр IэфIырщ,**
**ФIыщIэу щыIэр зэтхьэлIэнур**
**Япэу арщи, шэч хэмылъ!**
**Нобэ махуэр насыпышхуэщ,**
**Псом ди дежкIи гуфIэгъуэшхуэщ,**
**Нобэ хуэдэу махуэ къэскIэ,**
**Нэмысышхуэ фэ къыфлъос!**
**Гугъу фадехьми, нэрылъагъущ**
**Фи бын цIыкIухэм я быныжхэм,**
**Губзыгъагъэу ябгъэдэлъыр -**
**Куэд фи фIыгъэщ, ди цIыхубзхэм.**
**Анэ гуапэщ, шыпхъущ, щхьэгъусэщ!**
**Гъатхэ дахэу а махуэшхуэм**
**ФIыгъуэу пылъыр пхужыIэнкъым,**
**Зы къэкIыгъи дунейм теткъым,**
**А лъэхъэнэм къэмыушу.**
**Гъагъэу, пщIыпщIу ар щыслъагъукIэ,**
**Гур дыхохъуэ, лъэри щIокI,**
**СеIэ-сепхъуэу, къарум хэхъуэу,**
**Гъатхэ махуэм ещхьу сохъу!**
**Удз дахащэхэр къэгъагъэу,**
**Уэси мыли къыщыткIуж кIэ,**
**Уэрэд дахэхэр кърашу,**
**Къуалэбзухэр къытхуокIуэж.**
**Я псэупIэр къалъыхъуэжу,**
**Гужьеяуэ къалъэтыхь.**
**ГъащIэм къарет дэрэжэгъуэ,**
**Узэкъуэтым, ар IэфIыпсщ.**
**Гъатхэм ещхьу, фыщIэращIэу,**
**Ди цIыхубзхэр фытхуэпсэу,**
**Гуныкъуэгъуэ зы фимыIэу,**
**Фи унагъуэм, щIэблэ дахэм**
**ГуфIэгъуэшхуэ ядэфлъагъуу,**
**Илъэсищэ къэвгъэщIэну**
**Ди Тхьэ лъапIэм сыфхуолъэIу.**
**Сэ фэр папщIэ сымыувыIэу,**
**Жэщи махуи сыхъуэхъуэнущ,**
**А си хъуэхъухэм ящыщ куэди,**
**КъывэхъулIэмэ, гур хэхъуэнущ.**
**Хъуэхъуу щыIэм я нэхъ лъапIэр,**
**ЗыщIэр ди Тхьэрщи, ар хьэкъщ.**
**НэхъыфI дыдэу**
**ар зэхъуэхъухэм**
**Япэ фитщи, хэлъкъым шэч.**
**ЖызмыIэфу къэна псори,**
**Алыхьышхуэм къыфхупищэ,**
**Узыншагъэ быдэ фиIэу**
**КъэвгъэщIэну илъэсищэ!**

## Зихуэдэ щымыIэ гъэтIылъыгъэхэр

**Налшык къалэ мы махуэхэм щокIуэкI курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм епха музейхэмрэ Хэку зауэшхуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ я зэхьэзэхуэр. Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэуэзэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм и Налшык къалэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьа жэрдэмыр ЕгъэджэныгъэмкIэ къалэ IуэхущIапIэм диIыгъащ. Зэхьэзэхуэм гъэщIэгъуэн куэд утыкум кърилъхьащ, дэтхэнэри гуимыхужу, гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ яIэу. Ауэ зихуэдэ щымыIэ гъэтIылъыгъэхэр зиIэ еджапIэхэр къыхэкIащ, ахэр зэрызэхэлъ, зэрахъумэ, еджэныгъэм зэрыхалъхьэ и лъэныкъуэкIэ хуабжьу хьэлэмэт къыпщыхъуу.**



НАЛШЫК къалэ дэт, Тамбий Пагуэ и цIэр зезыхьэ 24-нэ курыт еджапIэм и музейр къэпщытакIуэ гупым зрагъэпщэн яIакъым, апхуэдизкIэ ар музей щIэныгъэм и жыпхъэм иту, абы къигъэув мардэхэм тету къызэгъэпэща хъуати. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым «ЩIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къызэрыхуагъэфащэрэ илъэс 12 щрикъум ирихьэлIэу еджапIэм къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм хэлът Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм щыщ теплъэгъуэхэр къызыхэщ сурэтхэр, хьэпшыпхэр, зауэлIхэм я дэфтэрхэр, дамыгъэхэр, фIыщIэгуапэ тхылъхэр. Дэтхэнэ зы хьэпшыпми къиIуатэм, ар зытеухуам узыщыгъэгъуазэ тхыгъэ кIэщIхэр ящIыгъут, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэри къыщыхъуа зэманым тещIыхьауэ зэкIэлъыгъэкIуат. КъэпщытакIуэхэм я пащхьэ кърагъэлъхьа гъэлъэгъуэныгъэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр ди щIыналъэм и тхыдэм щыщ зы Iыхьэу, лIыхъужьыгъэкIэ гъэпсауэ, лъэхъэнэм и дамыгъэу къызэрынар къызыхэщ псалъэмакъ купщIафIэкIи къызэщIэкъуэжат.

Зэпеуэм хыхьам и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ хуищIыну къалэн зиIахэм псом нэхърэ нэхъ гукъинэж ящыхъуар зи гъащIэри зи дунейри лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэIэтыным, адыгэ IуэрыIуатэр тхыжауэ щIэблэм къахуэгъэнэным тележьа узэщIакIуэм, щIэныгъэ, жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ нэсу дунейм тета Тамбий Пагуэ (1873-1928гъ.гъ.), и цIэм епха хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэт. ФIэщщIыгъуейщ зы адыгэ узэщIакIуэ и щIэин, къыщIэна хъугъуэфIыгъуэ псори къызэщIиубыдэу адыгэ хэгъэгухэм музей щыгъэтауэ, плIанэпэ зиIэ щыIэу. УзэщIакIуэм и цIэр зезыхьэ еджапIэм абы хуэфащэ пщIэр наIуэ ищIащ и фэеплъыр зэрихъумэмкIэ. Музейм ущрихьэлIэнущ Тамбийхэ я лъэпкъымрэ пыухыкIауэ Пагуэ и унагъуэмрэ щыщ цIыхухэм я нэгур къызытещ сурэтхэм, абыхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэмрэ къызэранэкIа IуэхущIафэхэмрэ щыхьэт ятехъуэ тхыдэ икIи архив тхылъымпIэхэр, узэщIакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр, нэгъуэщI фIыгъуэ куэди.

Мыбдеж къыщыхэгъэщын хуейщ адыгэ узэщIакIуэм и цIэр курыт еджапIэм фIэщыныр зи жэрдэму, 2012 гъэм еджапIэм и унафэщIу щыта Ачмыжь Светланэ и цIэр. Абы и фIыгъэ хэлъщ Тамбий Пагуэ теухуауэ щыIэ къэхутэныгъэхэм еджапIэр зэрыдихьэхам, архивхэр, уней гъэтIылъыгъэхэр, къэхутэныгъэхэр щIапщытыкIыу зэрыхуежьам. Илъэс бжыгъэм и кIуэцIкIэ зэхуахьэса щIэныгъэр зыхуэбгъэдэн щымыIэ гъэтIылъыгъэ телъыджэу нобэ къалэ еджапIэм иIэщ.

ЕджапIэ музейм и унафэщIыр адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къэрэгъул Лерэщ. ЕгъэджакIуэмрэ еянэ классым щIэс абы и гъэсэн цIыкIухэмрэ къэпщытакIуэ гупыр дэзыхьэх хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ Тамбий Пагуэ и гъащIэмрэ и дуней тетыкIамрэ теплъыхьащ, хъугъуэфIыгъуэщым щIэлъ хьэпшыпхэми щагъэгъуэзащ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, узэщIакIуэм теухуауэ еджапIэ музейм и гъэтIылъыгъэхэм къэрал хъумапIэхэр иригушхуэну гъэщIэгъуэнщ.

Апхуэдэу къэпщытакIуэ гупым гулъытэ хэха хуищIащ еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ, унафэщIхэм «Налшык ЩIыхьым и къалэщ» гъэлъэгъуэныгъэмрэ Тамбий Пагуэ и фэеплъым епха хьэпшыпхэмрэ ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIым хаухуанэу, хэкупсэу къэгъэтэджыным хуэгъэпсауэ зэрыщытым. ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм теухуа къэхутэныгъэхэр еджакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкI, щIэнIуатэхэр зэхашэ, гъэлъэгъуэныгъэхэр щIэуэ къыкъуэкIа тхылъымпIэхэмрэ хъыбархэмкIэ къагъэщIэрэщIэж.

Зэпеуэр музей лэжьыгъэм и пщIэр къэIэтыным хуэгъэзами, щIалэгъуалэм Хэкум хуиIэпхъэ лъагъуныгъэр къызэщыгъэуным, абы къыщыжын, ар хъумэн икIи лъытэн зэрыхуейм хуэунэтIащ. Абы и IуэхукIэ жыпIэмэ, зи къэралыгъуэр илъэси 100 ирикъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэблэр зэрыбгъэсэн гъуэмылэ телъыджэхэр щыIэщ, ар хэIущIыIу щIын, утыку къишэн фIэкIа къэплъыхъуэн щымыIэу.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Зыпхъумэжыфмэ, лъэпкъ цIыкIу щыIэкъым

**«Махуэку» къыдэкIыгъуэм щызыхуэдгъэувыж къалэнхэм язщ зи псэукIэм дыщымыгъуазэ лъэпкъхэмрэ щIыналъэхэмрэ зэдгъэцIыхуныр. Нобэ апхуэдэ мурад худиIэщ цыджанхэм.**

УРЫСЕЙМ дызэрыт зэманым цыджан 200000 щыпсэууэ къалъытэ, ауэ а бжыгъэр фIыуэ хуэгъэфэщащ, сыту жыпIэмэ, цыджанхэр къыхэтхыкIыныгъэхэм щыхэмытыр нэхъыбэщ. Абы ищIыIужкIэ, шынэурэ нэгъуэщI лъэпкъыу зезыгъэтххэри гъунэжщ.

Къэралым и тхыдэ напэкIуэцI зыхэдмыщIыкIхэм яхыубжэ хъунущ 1933 гъэм цыджанхэр Мэзкуу къыдагъэIэпхъукIауэ зэрыщытар. ЗэрыжаIэмкIэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар 1930 гъэхэм гъаблэшхуэ дуней псом зэрыщекIуэкIарщ. Езыхэр зэрызэджэж «рома» лъэпкъым а илъэсыр ягу къинэжащ леишхуэ къазэрытехьамкIэ. Цыджанхэр хуит ящIыртэкъым Мэзкуу, Бытырбыху хуэдэ къалэшхуэхэм километри 100 нэхърэ нэхъ пэгъунэгъуу щытIысыну. ЗдагъэIэпхъуэр езыхэм хухаха КъухьэпIэ Сыбырым щыщ къуажэхэрт.

Махуэ 12-кIэ екIуэкIащ цыджанхэм я ишыгъуэр. 1933 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Iуэхур зэфIэзыгъэкIа къулыкъущIэм къалэныр зэригъэзэщIамкIэ ОГПУ-м и унафэщI Ягодэ Генрих хуитхырт: «Хъыбар узогъащIэ цыджанхэр Мэзкуу дэгъэIэпхъукIын Iуэхуу мэкъуауэгъуэм и 28-м зыщIэддзар бадзэуэгъуэм и 9-м зэрыдухамкIэ. А пIалъэм кърикубыдэу унагъуэ 1008-рэ, цIыху 5470-рэ, абыхэм ящыщу цIыхухъуу 1440-рэ, цIыхубзу 1506-рэ, сабийуэ 2524-рэ дгъэIэпхъуащ. А псори Томск пэгъунэгъу лэжьакIуэ къуажэхэм, къызыхэкIа лъэпкъым елъытауэ щыдгъэтIысащ».

Къэралым щыщ адрей цIыхухэми ещхьу, цыджанхэми лей нэхъ ин къащытехьауэ къалъытэр 1937 гъэрщ. Щхьэусыгъуэ къыхуалъыхъуэн хуейуэ къамылъытэххэу, зэрыцыджан къудейм щхьэкIэ, ахэр «узыхуэсакъыпхъэхэм» хабжэрти, минипщI бжыгъэкIэрэ, суди трамыщIыхьу, занщIэу тутнакъэщ лагерхэм яшэрт. 1926 гъэм екIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм ипкъ иткIэ цыджанхэм я бжыгъэр 6000 хъууэ щытамэ, 1937 гъэм ирихьэлIэу къэнэжар мини 2,2-рэ къудейт. Ари ябзыщIыжри, пэжыр къыщыщIэщар 1990 гъэрщ.

Я къежьапIэкIэ цыджанхэр Индием щыщ лъэпкъщ. Езыхэр щыпсэу щIыпIэм елъытауэ, зэмыщхьу зоджэж. Къафэр, джэгур, уэрэдыр, театрыр мыбыхэм къыдалъхуу. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, дунейм щыцIэрыIуэ лъэпкъ къафэ куэдым я лъабжьэр цыджанхэм я щэнхабзэм йокIуэлIэж. Апхуэдэщ фламенкэри, балкан лъэпкъхэм я уэрэд макъамэхэри.

Куэдым яцIыху икIи фIыуэ ялъагъу Урысейм илъэс 75-рэ хъуауэ щылажьэ, Сличенкэ Николай зи унафэщIу щыта, цIыху 70 зыхэт цыджан театрыр. Зэман дэкIри, Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театр училищэм цыджан студие къыщызэIуахауэ щытащ абыхэм я фIыгъэкIэ.

ЕджапIэ щIэсу, лэжьапIэ Iуту ущримыхьэлIэкIэ, мы лъэпкъым къыхэкIахэм дзыхь яхуэпщIыну тыншкъым, дауи. Арагъэнщ сыт хуэдэ къэралми цыджанхэр гугъу щIыщехьыр. Ауэ абыхэм ящыщхэр лъаIуэрэ куэзырыдзу фIэкIа ди хъуреягъкIэ зэрыщыдмылъагъум къикIыркъым цыджанхэм цIыху зызыузэщIа къахэмыкIауэ. Ахэр ди щIыпIэм имысу е дымыцIыхуу аркъудейщ. А гупсысэм и щыхьэту 1979 гъэм Бланк Александр игъэува «Цыджан» фильмым нэхърэ нэхъ щапхъэфI ухуейкъым. СССР-м цIыхуу исым цыджанхэм ятеухуауэ яIэ гупсысэр ихъуэжауэ щытащ а лэжьыгъэ телъыджэм.

Аращи, шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым цыджанхэм щIэныгъэ зыбгъэдэлъ интеллигентхэри, щэнхабзэр хъумэным зи гуащIэ тезыгъэкIуадэ IэщIагъэлIхэри зэракуэдым. 2005 гъэм «цыджан барон» зыфIэзыщыжа, Молдавием щыпсэу Черарь Артур и лъэпкъэгъухэр зэщIикъуэу «Цыджан пащтыхьыгъуэ зэкъуэт» иухуэну хэтащ. АрщхьэкIэ, жыжьэ нэсакъым.

ИпэжыпIэкIэ цыджанхэм зэи езыхэм я къэралыгъуэ яIакъым, ауэ сыт щыгъуи я лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэм зэкъуимыгъэхуу игъэпсэуащ. Ара къыщIэкIынщ абыхэм я къарур къыздикIыр. Дэнэ щыпсэуми, зызымыхъуэж лъэпкъ хьэлым и цIыхур къехъумэ. Зы лъэныкъуэкIэ, абы цыджанхэм «лъэпкъ хуит» цIэ лейр къакIэригъэпщIащ, ауэ ардыдэм къыхэкIкIэ, лэжьапIэ щамыгъуэтыр нэхъыбэщ.

НобэкIэ Урысейм цыджан 200000 фIэкIа имысу жаIэ щхьэкIэ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Сличенкэ Николай а бжыгъэр фIыуэ хэгъэщIауэ къилъытэу щытащ. Кърым къудейр къапщтэмэ, абы щыпсэу цыджанхэм я нэхъыбэр тэтэру ятхащ. Европэм мелуан 40-м нэс ису хуагъэфащэ, Индием - мелуан 300-м нэс.



*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

